


NeMutungamiri Dieter F. Uchtdorf

Mutevedzeri weChipiri
muHutungamiri Hwekutanga



Mushure meRudo Chii Chinotevera?

Muporofita wedu anodikanwa, Mutungamiri Thomas S. Monson, vakadzidzisa kuti “rudo ndirwo musimbotti chaiwo wevhangeri”¹

Rudo rwakakosha zvekuti Jesu akaruti ndirwo “murairo mukuru nowokutanga” uye akati chimwe chikamu chese chemutemo nemanzwi evaporofita zvinomisirwa paruri.²

Rudo ndicho chikonzero chikuru chezvose zvatinoita muChechi. Chirongwa chose, musangano wose, chiito chose chatinoita sevadzidzi vaJesu Kristu chinofanira kuitika semugumisiro wehunhu uhwu—nokuti pasina rudo rwakadzama, “rudo rwakarurama rwaMwari,” hatisi chinhu.³

Kana tichinge tanzwisisa izvi nepfungwa nemwoyo wedu, kana tichinge tazivisa rudo rwedu rwaMwari nerwe vamwe vedu—chii zvino chinotevera?

Kunzwa tsitsi nerudo kuna vamwe kwakakwana here? Kuzivisa rudo rwedu rwaMwari nevavakidzani vedu kunozadzikisa here basa redu kuna Mwari.

Rungano rweMufananidzo rweVanakomana Vaviri

Patemberi muJerusarema, vapirisita nemagosa vakuru vechiJuda vakaenda kuna Jesu vachida kuedza kuita kuti ataure chimwe chinhu chavaizokwanisa kuMupikisa nacho. Muponesi, zvisinei, akachinja zvavaifunga akazviita chimuko kwaari nokutaura rungano rwemufananidzo.

“Mumwe munhu wakanga anavanakomana vaviri,” Akatanga kutaura. Baba vakaenda kumwanakomana wokutanga vakamukumbira kuti aende anoshanda mumunda wemuzambiringa. Asi mwanakomana akaramba. Pashure mwanakomana uyu “akazvidya mwoyo, akaenda.”

Baba zvino vakaenda kumwanakomana wavo wechipiri

vakamukumbira kuti aende anoshanda mumunda wemuzambiringa. Mwanakomana wechipiri akavavimbisa kuti aizoenda, asi haana kumboenda.

Zvino Muponesi akacheukira kuvapisita nemagosa uye akabvunza, “Ndoupiko kunaivavo vaviri wakaita kuda kwababa vake?”

Vakabvuma kuti akanga ari mwanakomana wokutanga—uyo akati haaizoenda asi pashure akatendeuka uye akaenda kunoshanda mumunda wemuzambiringa.⁴

Muponesi akashandisa rungano rwemufananidzo urwu kusimbisa musimbotti wakakosha—ndeavo vanoteerera mirairo vanoda Mwari zvechokwadi.

Pamwe ichi ndicho chikonzero Jesu chaakakumbira vanhu kuti vateerere nokutevera manzwi eVafarisei nevanoyori asi kuti vasatevera muenzaniso wavo.⁵ Vadzidzisi vechitendero ava vakanga vasingaiti zvinhu zvavaitaura kuti vaizoita. Vaida kutaura pamusoro pechitendero asi zvinosuwisa ndezvokuti vakanga vasinganzwisisi kukosha chaiko kwazvo.

Zviito neRuponeso Rwedu

Mune imwe yedzidziso dzokupedzisira dzeMuponesi kuvadzidzi Vake, Akataura kwavari nezve Kutonga kwekupedzisira. Vakaipa nevakarurama vachaparadzaniwa. Vakanaka vachagara nhaka yeupenyu hwekusingaperi; vakaipa vachaendeswa kukurangwa kusingaperi.

Chii chakanga chakasiyana pakati pemapoka maviri aya?

Avo vakataridza rudo rwavo kuburikidza nezviito vakaponeswa. Avo vasina vakatukwa.⁶ Rutendeuko rwechokwadi kuvhangeri raJesu Kristu netsika dzinokosheswa

nemisimboto yaro rwunoonekwa kuburikidza nezviito zvedu muupenyu hwedu hwemazuva ose.

Mukupedzisira, kungozivisa chete nezve rudo kuna Mwari nekuna vamwe vedu hakuzotikodzeresi kuwana kusimudzirwa kwepamusoro. Nokuti, sekudzidzisa kwakaitwa naJesu “havasi vose vanoti kwandiri, Ishe, Ishe, vachapinda muushe hwokudenga; asi uyo anoita kuda kwaBaba vangu vari kudenga.”⁷

Chii Chinotevera mushure meRudo?

Mhinduro kumbvunzo unoti, “Mushure merudo, chii chinotevera?” inokwanisa kuva yakareruka uye iri nyore kunzwisisa. Kana tichida Muponesi zvechokwadi, tinorerereka mwoyo yedu kwaAri uye zvino tofamba nemunzira yeudzidzi. Apo patinoda Mwari, tinozoedza napose patinokwanisa kuchengeta mirairo yavo.⁸

Kana tichida vamwe vedu zvechokwadi, tinozoedza napose patinokwanisa kubatsira “varombo nevanoshaya, varwere nevanonetsekana.”⁹ Nokuti avo vanoita zviito izvi zvisina undingoveni zvetsitsi nekushandira,¹⁰ vamwechete-wo vadzidzi vaJesu Kristu.

Izvi ndizvo zvinotevera mushure merudo.

Izvi ndizvo musimboto wevhangeri raJesu Kristu.

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Thomas S. Monson, “Love, the Essence of the Gospel,” *Liahona*, Kubvumbi 2014, 91.
2. Ona Mateo 5:40.
3. Ona Moronai 7:46-47.
4. Ona Mateo 21: 28-32.
5. Ona Mateo 23; 3.
6. Ona Mateo 25:31-46.
7. Mateo 7:21.
8. Ona Johane 14:15.
9. Dzidziso neZvibvumirano 52:40
10. Ona Mosaya 18:8-9.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Mutungamiri Uchtdorf vanotsanangura vadzidzi vechokwadi vaJesu Krist seavo vanotaridza rudo rwavo kwaAri nekune vamwe kuburikidza nezviito zvavo. Vanodzidzisa kuti “Kana tichida Muponesi zvechokwadi, tinorerereka mwoyo yedu kwaAri uye zvino tofamba nemunzira yeudzidzi.” Funga kubvunza avo vaundzidzisa kuti rudo rwakavakurudzira nenzira dzipi kufamba munzira yeudzidzi. Unokwanisa kugovera zviitiko zvakowo navo. Ungangofunga kuvakoka kuti vanamatre rudo rwakadzama nesimba rakawedzerwa kuti vagoita zvinhu nokuda kwerudo

© 2016 ne Intellectual Reserve, Inc. Ndiyo chete inekodzoro dziripamutemo dzekushandiswa kwechinyorwa chino. Chakadhindwa muUSA. Mvumo yeMucharungu: 6/16. Mvumo yedudziro 6/16 Dudziro ye *First Presidency Message, August 2016*. Shona. 12869 731

VECHIDIKI

Kuchengeta Mirairo neKuda Vamwe

Apo patinofunga nezve rudo, kazhinji zvinhu zvo-
Akutanga zvinouya mupfungwa ndezve mafirimu ezvokudanana, chokoreti, namaruva. Asi rudo—*rudo* rwechokwadi—rwakadzama kupinda izvi uye haruna chidingoveni zvachose. Jesu Kristu akatiraramira uye akatifira nokuda kwerudo Rwake kwatiri. Chokwadi ndechokuti, mirairo mikuru miviri ndeye kuda Mwari uye kuda mumwe munhu wese (ona Mateo 22:36-40). Asi *tingataridza* sei vamwe kuti tinovada?

Mutungamiri Uchtdorf anogovera rungano rwemufananidzo rwaKristu rwevanakomana vaviri, mumwe anoshandira baba vake uye mumwe asingavashandiri. Muponesi anotaridza kuti chete mwanakomana akateerera baba vake ndiye aivada zvechokwadi. Zvimwechetezvo, apo patinoteerera rairo dzaMwari, tinotaridza kuti tinoVada uye tinoda kudzokera kwaVari.

Asi tinotaridza sei kuti tinoda vamwe vanhu vose? Mutungamiri Uchtdorf vanotsanangurawo izvozvo: “Kana tichida vamwe vedu zvechokwadi, tinozoedza napose patinokwanisa kubatsira ‘varombo nevanoshaya, varwere nevanonetsekana.’ Nokuti avo vanoita zviito izvi zvisina undingoveni zvetsitsi nekushandira, vamwechete-wo vadzidzi vaJesu Kristu.”

Saka nguva inotevera yaunoona vabereki vako, mwana wamai vako, kana shamwari yako, funga pamusoro pekuvashandira kutaridza rudo rwako kwavari. Hazvisi zvinozovafadza ivo chete, asi zvinozoita kuti Baba vako vari Kudenga vafarewo.

VANA

Kutaridza Rudo

Jesu akagovera rungano rwemufananidzo rwababa nevanakomana vavo vaviri. Baba vaishanda mumunda wemuzambiringa uye vakakumbira vanakomana vavo vaviri kuti vabatsire. Mwanakomana wekutanga pokutanga akaramba asi pashure akauya kuzobatsira mumunda wemuzambiringa. Mwanakomana wechipiri akati aizobatsira, asi zvino haana kuzviita. Jesu akadzidzisa kuti mwanakomana wekutanga akataridza rudo rukuru kuna baba vake nokuva anoteerera.

Itai mutambo werungano rwemufananidzo urwu! Zvino nyora kana kutara zvinhu zvitatu zvaunokwanisa kuita kutaridza rudo rwako kuna Baba Vokudenga.



Ruvimbo, Mhuri,
Rubatsiro

Hubereki iBasa Rinoyera

Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye wotsvaga femero yekuziva izvo zvekugovera. Kunzwisisa “Mhuri: Chiziviso kuNyika” kunozowedzera sei rutendo rwako muna Mwari nekurofafadza avo vaunotaririra kuburikidza nedzidziso yekushanyirana? Kuwana rumwe ruzivo, enda ku reliefsociety.lds.org.

Baba vedu Vokudenga vakamisa mhuri kutibatsira kudzidzisa misimbota kwayo mumamiriro ezvinhu anorudo. Mutungamiri Thomas S. Monson vakati: “Ipa mwana wako rumbidzo uye mumbundire; iti, ‘ndinokuda’ kakawanda; nguva dzose taura kutenda kwako. Usamboita kuti dambudziko rinoda kugadzirisa rive rinonyanya kukosha kupfura munhu anofanira kudiwa.”¹

Susan W. Tanner, uyo waimbova mutungamiri mukuru weVasikana Vechidiki, akadzidzisa kuti: “Baba vedu vari Kudenga muenzaniso wemutoto watinofanira kutevera. Vanotida, vanotidzidzisa, vane moyo murefu nesu, uye vanotipa simba rekuzvisarudzira. . . . Dzimwe nguva kuraira, uko kunoreva ‘kudzidzisa’, kunovhiringidzwa nekushoropodza. Vana—pamwepo nevanhu vemazera ose—vanozonatsa maitiro avo nokukurumidza nokuda kwerudo nekuridzira kupinda kubva mukushoropodzwa.”²

“Kana tikatendeka pakuita munamato wemhuri, pakunzvera magwaro matsvene, pakuita nguva yemhuri pamba, pakupa maropafadzo

ehupirisita, uye pakuchengetedza zuva reSabata,” vakadaro Gosa Quentin L. Cook veChikwata cheVaapostora vane Gumi neVaviri, “vana vedu vanozova . . . vakagadzirira kupinda mumba mokusingaperi kudenga, zvisinei nezvinozoitika kwavari munyika inonetsa.”³

ZvimweZvinyorwaZvitsvene

1 Nifai 8:37; 3 Nifai 22:13; Dzidziso neZvibvumirano 93:40; 121:41

Nyaya dzeVanhu Vanorarama Nhasi

“Ndakanga ndichiverenga pepanhau apo mumwe wevazukuru komana vangu vadiki akauya akagara pedyo neni,” vakadaro Gosa Robert D. Hales veChikwata cheVaapostora vane Gumi neVaviri. “Apo pandaiverenga, ndakafara zvikuru kunzwa inzwi rake rinotapira richitaura pandaiveri. Fungai kushamiswa kwangu apo, chinguva chidiki pashure, akauya akamira pakati pangu nepepanhau randakanga ndakabata. Achibata chiso changu nemaoko ake uye achiisa mhuno yake paneyangu, akabvunza, ‘Sekuru! Muripo here?’

“ . . . Kuva *po* zvinoreva kunzwisisa mwoyo yevechidiki vedu uye kuyanana navo. Uye kuyanana navo zvinoreva kwete kungotaurirana navo asi kuitawo zvinhu navo. . . .

“Tinofanira kuronga nokutora mukana wenguva dzokudzidzisa. . . .

“ . . . Nokureba kunoita nguva yandinorarama, ndinonyanyawo kuona kuti nguva dzokudzidzisa munguva dzoudiki hwangu, kunyanya idzo dzaipuwa nevabereki vangu, dzakaumba upenyu hwangu uye dzikandiita munhu wandiri.”⁴

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Thomas S. Monson, “Love at Home—Counsel from Our Prophet,” *Liahona*, Nyamavhuvhu 2011, 4.
2. Susan W. Tanner, “Did I Tell You . . . ?” *Liahona*, Kubvumbi 2003, 74.
3. Quentin L. Cook, “The Lord Ish My Light,” *Liahona*, Kubvumbi 2015, 64.
4. Robert D. Hales, “Our Duty to God: The Mission of Parents and Leaders to the Rising Generation,” *Liahona*, Kubvumbi 2010, 96, 95.

Funga Izvi

Sei vhangeri richidzidziswa zvakanyanyonaka nerurimi nemuenzaniso werudo?